

Plas ak Ri Separasyon Zòn

*Mizajou sou separasyon zòn pou
katye ki gen tout kalite aktivite atravè
Boston*

Reyinyon Piblik

Ajanda

- 1. Entwodiksyon nan Plas ak Ri (Squares + Streets nan lang angle a)**
 - Apèsi sou Inisyativ Plas ak Ri
- 2. Separasyon zòn pou Plas ak Ri**
 - Kisa ki separasyon zòn e poukisa li nesesè pou fè mizajou nan separasyon zòn nan?
 - Kòman epi kilè y ap fè mizajou separasyon zòn sa yo?
- 3. Analiz separasyon zòn nan**
 - Règleman sou dimansyon
 - Itilizasyon Tè
- 4. Kalandriye ak Pwochen Etapyo**
- 5. Kesyon ak repons epi Konvèsasyon**



Kisa Inisyativ Plas ak Ri a ye?

Plas ak Ri se yon inisyativ separasyon zòn ak planifikasyon ki konsantre sou agrandi aksè plas ak ri prensipal Boston pou rann yo aksesib pou transpò piblik yo.

Plas ak Ri se youn (1) nan premye etap k ap mennen ak refòm separasyon zòn nan tout vil la, epi ki ankadre nan kad inisyativ nan tout vil la.




Poukisa nou konsantre sou Plas ak Ri?

Avèk **kriz lojman ki ankou a** epi **kwasans antsipe popilasyon an ki plis pase 12% pou rive 800,000**, ogmante òf pou lojman se yon nesosite pou **aksesibilite, rezilyans, ak ekite nan** Vil nou an.

Lè **kwasans lojman** asosye ak yon pakèt **resous** komèsyal, sivik, kiltirèl ak transpò rezidan yo ak antrepriz komèsyal yo wè **avantaj** ki pi lwen pase aksè a lojman.

Plas ak Ri se yon pwogram ki konsantre sou **reyalize ko avantaj nan konstriksyon lojman** nan plas ak ri prensipal Boston pou rann yo aksesib pou transpò piblik yo.



Ki objektif inisiyativ la?

Aksesibilite

- Fasilite **plis lojman ak opòtinite komèsyal nan katye yo.**
- Diminye nan **tan deplasman ak depans nan transpò rezidan yo**
- Ankouraje **efikasite distribisyon** sèvis yo nan Vil la
- Ankouraje **opòtinite Lojman** ki Abòdab



Ki objektif inisiyativ la?

Resilience (Rezilyans)

- Ankouraje **yon devlopman ki baze sou transpò piblik ki redui depandans sou machin pèsonèl yo**
- Ranfòse **ekosistèm** ti **biznis** yo
- Itilize ri nou yo, byen piblik yo, ak estanda devlopman nou yo pou **konstui ri ak zòn rezistan ki pwoteje** kont inondasyon, monte dlo, ak chalè ekstrèm.



Ki objektif inisiyativ la?

Ekite

- Amelyore aksè abòdab nan transpò piblik, komèsyal, ak byen kominotè nan katye yo
- Chemen investisman ouvè pou yon gran varyete moun
- Ankouraje **divèsite nan lojman** yo atravè katye yo
- Etale **investisman piblik ak prive**
- Rann nòm devlopman yo pi **previzib**.




Separasyon zòn pou Plas ak Ri



Ki kote: **Plas ak Ri**

Plas ak Ri an jeneral konsantre sou **agrandi aksè ak sèvis nan ri prensipal ki gen anpil transpò piblik** atravè katye yo.

Travay nou antanke Ekip Refòm Separasyon zòn se konsantre nou sou fè mizajou **règleman separasyon zòn yo** pou distri Plas ak Ri nou yo atravè Boston.



Kijan nou mete ajou separasyon zòn?

Chanjman nan tèks separasyon zòn

Chanjman nan **tèks** kòd separasyon zòn nan ki vin nouvo oswa **mete ajou règ yo** pou itilizasyon tè ak devlopman nou ka aplike pou defini seksyon yo nan Vil la oswa Vil la an jeneral.

	One Family (1F)	Two Family (2F)	Three Family (3F)	Conservation Multifamily Residential (MFR)	Community Protection Subdistricts (CPS)	Facilities Subdistricts (CF)
Child care center	CA	CA	CA	CA ⁽²⁾	A	CA

(2) Where designated "A" or "C," provided that such use is located on the ground floor, or in a basement with a separate entrance; otherwise forbidden.

Chanjman nan kat separasyon zòn

Chanjman nan **pozisyon jewografik ak aplikasyon règ espesifik nan separasyon zòn** sou kat jewografik separasyon zòn nan nan your oswa plis zòn nan Vil la.



Kòman epi kilè yo ap fè mizajou sa yo?

Otòn 2023

Modifikasyon tèks sou separasyon zòn nan pou kreye **Distri ki gen nouvo Plas ak Ri** nan Kòd Separasyon Zòn Boston.

Kat nouvo katye yo nan Lès Boston ak Mattapan ki baze sou dènye plan katye yo k ap itilize **chanjman kat separasyon zòn**

Prentan 2024

Plan pou ti Zòn yo Plas ak Ri yo ap lanse nan mwa janvyè.

*Plan Ti Zòn yo - yon seri pwosesis ki dire **6 jiska 9 mwa** ki konsantre sou chak plas ak ri pou rasanble piblik la ak anpil depatman nan vil la nan yon planifikasyon atravè divès sijè.*

Chak ti zòn ki resevwa yon plan ap gen yon **mizajou sou separasyon zòn** nan ki ap gen ladan l distri ki gen Plas ak Ri.



Kontwòl Potansyèl Batiman yo

Gen dimansyon esansyèl
ki detèmine chak kalite
batiman sa yo:

- Gwosè moso tè a
- Kouvèti sifas teren an
- Wotè
- Distans ant batiman
yo/ Distans ant etaj yo



Rezime Règleman sou dimansyon yo


Nouvo Kontwòl dimansyon yo pral:

- Kontwole dimansyon batiman pou kite espas sou tè a pou pye bwa, plantasyon, ak lòt enstalasyon
- Pèmèt yon vwa legal pou lojman plizyè fanmi yo nan diferan gwosè ak nivo nan zòn ki ka sipòte ogmantasyon dansite


Nouvo kontwòl dimansyon yo pa pral:

- Mete FAR kòm yon mezi dansite
- Etabli yon minimòm kantite kote pou pakin
- Aplike l tout kote nan vil la

Estanda sou teren



Fòm Estanda pou Batiman yo



Pwojè Egzanp 2

Itilizasyon endividyèl ki la deja

Restoran oswa ba (san espektak)

Restoran kote ou ale ak manje a

Patisri

Pwojè pou yon Nouvo Itilizasyon Konsolide

Ba oswa yon restoran

Definisyon: Yon etablisman ki konsakre prensipalman ak preparasyon, lavant an detay, konsomasyon aliman yo sou plas epi/oswa bwason alkolize. Yon itilizasyon konsa gen ladan manje ou ka ale ak li oswa òganize yon espektak san biyè.

Pwojè pou yon Nouvo Itilizasyon Konsolide

Ba

Definisyon: Yon etablisman ki konsakre prensipalman ak preparasyon, lavant an detay, konsomasyon aliman yo sou plas. Yon itilizasyon konsa ka genyen ladan manje ou ka ale ak li epi li ka pa gen yon sipèfisi total ki depase 2,500 pye kare. Yon itilizasyon konsa ap gen kafe, kote pou bwè krèm, patisri oswa bagay ki prèske menm jan.



Fè Nou Konnen Sa w Panse

Vini nan Lè Biwo Vityèl Nou an!

Ki fèt 2 fwa pa semèn nan semèn sa yo (apremidi + aswè)

Semèn 30 oktòb

Semèn 6 novanm

Semèn 20 novanm

Semèn 27 novanm

Patisipe nan yon Reyinyon Piblik!

Lendi 13 novanm: Pwojè modifikasyon tèks sou separasyon zòn nan tout vil la

Madi 14 novanm: Modifikasyon nan kat separasyon zòn nan Lès Boston ak Mattapan

Mèkredi 15 novanm: Modifikasyon nan kat separasyon zòn nan Mattapan

Madi 5 desanm: Pwojè final pou modifikasyon tèks sou separasyon zòn nan tout vil la

Di nou Sa w Panse!

Pataje opinyon w sou modifikasyon nan separasyon zòn lan, n ap gen pou pataje yon fòm pandan **peryòd kòmantè piblik la soti 9 novanm pou rive 30 novanm!**